



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOJÈ POU KWASANS AK AGRANDISMAN
DUTCHLAND PLASTICS NAN NEW YORK SANTRAL**

***Fabrikan Pwodui Plastik lan pral Ogmante Operasyon li nan yon Etablisman
50,000 pye kare nan Canastota, e l ap Kreye plis pase 40 Nouvo Djòb***

***Investisman sa a Konpleman Inisyativ “Central NY Rising” lan – ki se Estrateji
Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an ak
Pwogram Travay Excelsior an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Dutchland Plastics, ki se pi gwo fabrikan pwodui an plastik “rotomoulen” nan peyi a, e ki travay sou kontra, pral agrandi operasyon li; l ap enstale li nan yon nouvo etablisman 50,000 pye kare nan Vilaj Canastota nan Konte Madison, anplis kote li ye kounye a nan Konte Oneida. Agrandisman sa a pral fasilite kreyasyon omwen 42 nouvo djòb apentan sou de pwochen ane yo, anplis 23 pozisyon ki la deja e k ap rete. Yo prevwa pou konstriksyon nouvo etablisman an fini disi fen 2019.

“Agrandisman Dutchland Plastics se yon testaman estrateji ekonomik avanse nou an, k ap transfòme ekonomi rejyonal la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou ankouraje kwasans, konpayi asiksè yo ap chwazi pou agrandi operasyon yo, sa k ap kore ekonomi an, kreye djòb ki byen peye, epi asire ke New York Santral kontinye briye.”

“Nou trè eksite poutèt agrandisman sa a”, **Randy Herman, Direktè Egzekitif Jeneral Dutchland, te deklare.** “Se yon gwo opòtinite li ye, e mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo, Direktè Egzekitif Ajans Devlopman Endistriyèl lan (Industrial Development Agency, IDA) nan Konte Madison, Kipp Hicks, e espesyalman Majistra Canastota, Carla DeShaw, ki pral bay resous pou pèmèt Konpayi an fè rekritman e fòme nouvo anplwaye li anboche osen kominote lokal la”.

Pou ankouraje Dutchland Plastics agrandi nan New York Santral, Empire State Development (ESD) te ofri jiska 475,000 dola nan kredi fiskal, baze sou pèfòmans, atravè Pwogram Travay Excelsior an (Excelsior Jobs Program), ki mande pou biznis pran angajman pou kreye djòb. Anplis de sa, ESD te alwe yon sibvansyon “Restore NY” 1,685,000 dola bay Vilaj Canastota, sa ki pral ede avèk konstriksyon nouvo etablisman an. Konpayi an pral investi 2.6 milyon dola pou ekipman kapital e pou renove nouvo etablisman an, ki pral chita sou plizyè nivo olon Erie Canal.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Ian, Howard Zemsky, te deklare, “Desizyon Dutchland Plastics pou kontinye agrandi nan New York Santral se yon omaj a opòtinite ekonomik ki disponib isit la, pou tout konpayi k ap chèche fè biznis yo pran yon lòt nivo. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, klima komèsyal Eta New York amelyore yon fason konsiderab, sa ki pote opòtinite ekonomik atravè Eta a”.

Senatè David J. Valesky te deklare, “Agrandisman Dutchland Plastics nan Vilaj Canastota se yon bon nouvèl. Mwen kontan nou te rive travay ansanm pou kenbe konpayi an nan Eta New York, e m ap kontan si patenarya sa a dire lontan”.

Manm Asanble Eta a, William Magee, te deklare, “Desizyon Dutchland Plastics pou li agrandi nan Konte Madison, se yon lòt istwa pozitif sou opòtinite New York Santral pral bay, e mwen trè apresye desizyon yo pran pou yo kontinye investi nan moun eta nou an, ansanm ak kominote sa a”.

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Madison Ian, John Becker, te deklare, “Desizyon Dutchland Plastics pou devlope biznis yo nan Konte Madison se yon bon nouvèl pou kominote an e pou eta a. N ap kontan gade yo k ap kontinye reyisi, e nou fyè pou nou akeyi yo nan Vilaj Canastota”.

Majistra Vilaj Canastota a, Carla DeShaw, te deklare, “Nou trè eksite pou n akeyi Dutchland Plastics nan Vilaj Canastota. Pwojè RESTORE NY sa a se yon bèl egzanp jan nou kapab repare e modènize yon sit endistriyèl ki te abandone, pou fè l tounen yon pwopriyete ekonomik ki gen pi plis valè nan kominote nou an. Gras a efò kolaborasyon ak pèseverans biwo Gouvènè a, Empire State Development, IDA Konte Madison, AECC ki se yon pwomotè prive, ak biwo Majistra a, yo pral kreye 45 nouvo djòb nan Vilaj Canastota. Mwen eksite poutèt opòtinite karyè ki pral genyen onivo lokal gras a pwojè sa a, pou rezidan nou yo k ap chèche ranje zafè yo oswa jwenn yon djòb ki peye pi byen. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li te soutni pwojè sa a”.

Dutchland Plastics, ki gen biwo santral li nan Rejyon Lès Wisconsin, fabrike pwodui plastik bon jan kalite depi prèske yon demi-syèk. Antanke yon fabrikasyon pwodui plastik sou demann, konpayi an pote sèvis bay endistri lwazi, komès, aktivite anplennè, manje ak bwason, mèb, ak lanmè. Konpayi an fabrike pwodui dènye kri, tankou glasyè Yeti, bato NuCanoe, chèz KI, anplis de lòt bagay, epi li se twazyèm pi gwo konpayi “rotomoulaj” ki sou kontra nan peyi Etazini.

Pou plis enfòmasyon sou Dutchland Plastics, klike [isit la](#).

Akselere “Central NY Rising”

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi pase 4.7 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo

Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418